ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН
РЕСПУБЛИКАСИ
ВАЗИРЛАР КЕНГАШИНИНГ
ҚАРОРИ

ҚАРАҚАЛПАҚСТАН
РЕСПУБЛИКАСЫ
МИНИСТРЛЕР КЕҢЕСИНИҢ
ҚАРАРЫ

Нукус шаҳри | Нөкис қаласы

№ 107 | « 01 » апрель 2019 ж.й

**Нөкис районы «AGROEXPORT RK-GROUP» жуўапкершилиги шекленген жәмийетине қосымша жер майданларын ажыратып бериў ҳаққындағы Нөкис районы ҳәкиминиң 2019-жыл 13-марттағы 858/3-санлы шешимин тастыйықлаў туўрысында**

Өзбекстан Республикасы Жер кодексиниң 5, 20, 23, 24, 37 ҳәм 87-статьяларына тийкарланып, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесинин 2018-жыл 16-октябрьдеги 589-санлы қарары тийкарында аўыл хожалығы мақсетлери ушын жер участкаларын бериў (реализация қылыў) мәселелерин көрип шығыў бойынша Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси жанындағы комиссиясы акти ҳәм Нөкис районы ҳәкиминиң 2019-жыл 26-марттағы 645-01-санлы хатларын инабатқа алып, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси

**ҚАРАР ЕТЕДИ:**

1. Нөкис районы «AGROEXPORT RK-GROUP» жуўапкершилиги шекленген жәмийетине қосымша жер майданларын ажыратып бериў ҳаққындағы Нөкис районы ҳәкиминиң 2019-жыл 13-марттағы 858/3-санлы шешими тастыйықлансын.

2. Қарақалпақстан Республикасы Мәмлекетлик Салық басқармасына усы ажыратылған жер майданларына белгиленген тәртипте салық ҳәм басқада төлемлердиң өндирилиўин тәмийинлеў тапсырылсын.

3. Қарақалпақстан Республикасы Жер ресурслары ҳәм мәмлекетлик кадастры басқармасы ҳәм Нөкис районы ҳәкимлиги мәмлекетлик жер есабатына тийисли өзгерислерди киргизсин.

4. Усы қарардың орынланыўын қадағалап барыў Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасары С.Хожаметовка жүкленсин.

Қарақалпақстан Республикасы
Министрлер Кеңесиниң Баслығы — К.Сариев